Жайна хIоттийнарг – Хатаев Хизрин Руслан

Рецензенташ – М-Э. Эдихаджиев, С. Магамедов

## Хьаьж, Iумрат даран доIанаш

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Суннат ламазаш

1) Iуьйра ламазал хьалхара – 1 суннат ламаз ду.
(Ас нийййат ди, Iуьйра ламазал хьалхара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллóхIу акбар).

2) Делкъа ламазал хьалхара – 2 суннат ламаз ду.
(Ас нийййат ди, делкъа ламазал хьалхара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллóхIу акбар).

3) Делкъа ламазал тIаьхьара – 2 суннат ламаз ду.
(Ас нийййат ди, делкъа ламазал тIаьхьара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллóхIу акбар).

4) Малхбуза ламазал хьалхара – 2 суннат ламаз ду.
(Ас нийййат ди, малхбуза ламазал хьалхара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллóхIу акбар).

5) МаьркIажа ламазал тIаьхьара – 1 суннат ламаз ду.

(Ас нийййат ди, маьркIажа ламазал тIаьхьара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллóхIу акбар).

6) Пхьуьйра ламазал тIаьхьара – 1 суннат ламаз ду.

(Ас нийййат ди, пхьуьйра ламазал тIаьхьара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллóхIу акбар).

## Некъан доIа

АллóхIу акбар, АллóхIу акбар, АллóхIу акбар (АллахI воккха ву, АллахI воккха ву, АллахI воккха ву).

**«Субхьáналлазú саххоро ланá хIáзá ва мá куннá лахIу мукърининúн, ва иннá илá роббинá ламункъолибýна** (ЦIена Ву хIара (тIехуу хIума) вайна

мyьтIахь йинарг, вайн и дан ницкъ кхочур бацара. Баккъалла а, вай вешан Деле доьрзур ду)**».** *«Аз-Зухруф», 12-14.*

**«АллóхIумма иннá насъалука фú сафаринá хIáзаль-бирро ваттакъвá, ва миналь-Iамали мá тардó. АллóхIумма хIаввин Iалайнá сафаронá хIáзá ватIви Iаннá буIдахIу. АллóхIумма Антас-сóхьибу фис-сафари, валь-халúфату филь-ахIли. АллóхIумма иннú аIýзу бика мин ваIсáис-сафари, ва каáбатиль-манзори, ва сýиль-мункъолаби филь-мáли валь-ахIли, валь-валади** (Я АллахI, баккъалла а, оха Хьоьга доьху хIокху тхешан новкъахь Ахьа тхаьшна диканиг дар а, Хьайх кхерар далар а, Хьо реза волу Iамал тхоьга яйтар а. Я АллахI, хIара тхан некъ тхуна аттабехьа, цуьнан геналла тхуна гергаехьа. Я АллахI, некъахь накъост Хьо ву-кх, бухахь бисинчу доьзалан доладийриг а Хьо ву-кх. Я АллахI, Хьоьга сой Iалашвар доьху ас некъан халонах, сайна гинчу суьртан балано сингаттаме вархь а, цIавеъча даьхнигахь, охIланехь, доьзалехь а вуониг карадархь)**».**

## Некъахочун ламаз

ЦIера 81 км гена ваьлча лелаш долу хьукманаш:

ЦIера араволу де а, вухавоьрзу де а доцург, 4 дийнал кIезиг ша цигахь Iийр ву аьлла велахь, тIаккха лелаш ду хIара бухахь догIу хьукманаш, иштта хIара хьукманаш лела, ша дIакхача везачу меттиге иза дIакхаччалц йолчу ханна - мел дукха денош делахь а.

**Ламазаш дацдаран а, тIеттIаозаран а ниййат**

1) Iуьйра ламаз – ша ма-дарра до, хийцам а боцуш, шен хеннахь. (Ас ниййат ди, фарз Iуьйра ламаз Далла дан, АллóхIу акбар).

2) Делкъа ламаз – дацдо (ши бисмалла а, цхьа этхьиг а дешарца), иштта малхбуза ламазна тIе а тотту. (Ас ниййат ди, фарз делкъа ламаз малхбуза ламазна тIе а теттина, дацдина, Далла дан, АллóхIу акбар).

3) Малхбуза ламаз – дацдо (ши бисмалла а, цхьа этхьиг а дешарца), иштта делкъа ламазна тIе а узу. (Ас ниййат ди, фарз малхбуза ламаз делкъа ламазна тIе а оьзна, дацдина, Далла дан, АллóхIу акбар).

4) МаьркIажа ламаз – ша ма-дарра до (кхо бисмалла а, ши этхьиг а дешарца), иштта пхьуьйра ламазна тIетатта а мега. (Ас ниййат ди, фарз маьркIажа ламаз пхьуьйра ламазна тIе а оьзна Далла дан, АллóхIу акбар).

5) Пхьуьйра ламаз – дацдо (ши бисмалла а, цхьа этхьиг а дешарца), иштта маьркIажа ламазна тIе а узу. (Ас ниййат ди, фарз пхьуьйра ламаз маьркIажа ламазна тIе а оьзна, даццина, Далла дан, АллóхIу акбар).

## ХЬАЬЖ, IУМРАТ ДАР

Хьаьж, Iумрат дарна чувулуш ниййат дар:

1. Iумрат дечо: «Я АллахI, Iумрат дан воллу-кх со, и дар суна атта дехьа, соьгара къобал а дехьа. Ас ниййат ди, Iумрат дан, со цу чу а вуьйли, Сийлахь-Везчу Делан дуьхьа».

2. Хьаьж дечо: «Я АллахI, хьаьж дан воллу-кх со, и дар суна атта дехьа, соьгара къобал а дехьа. Ас ниййат ди хьаьж дан, со цу чу а вуьйли, Сийлахь-Везчу Делан дуьхьа».

«ЛаббайкаллóхIумма лаббайк, лаббайка лá шарúка лака лаббайк. Инналь-хьамда ванниIмата лака валь-мульк, лá шарúка лака».

«Я АллахI, Хьан дуьхьа ихьрам дихки-кх сан месаша, сан чкъуро, сан дегIо, сан ерриге а меженаша, Ахьа ихьрам дихкинчунна дихкина мел долчух ихьрам дихки-кх ас цуьнца, Хьан сийлахь йолу юьхь лахархьама, хIай Iаламийн Дела».

### Лаббайкин дешнаш:

**«ЛаббайкаллóхIумма лаббайк, лаббайка лá шарúка лака лаббайк. Инналь-хьамда ванниIмата лака валь-мульк, лá шарúка лака** (Хьан омранна муьтIахь ву-кх со, я АллахI, Хьан омранна муьтIахь ву-кх, Хьуна муьтIахь ву-кх со, Хьуна декъахо вац. Хьуна муьтIахь ву-кх со, баккъалла а, хастам, ниIмат а Хьан ду, паччахьалла а Хьан ду, декъахо вац Хьуна)**».**

## ХЬАЬЖНА, IУМРАТНА ЮКЪАДОГIУШ ДОЛУ ДЕЛАН ЭЛЧАНАН (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ДОIАНАШ

### Макки чу вуссуш:

Маккин хIусамаш гучаевлча ала деза: **«Я АллахI, кху Маккахь синтем болу хIусам лохьа суна, кху чохь хьанал рицкъа а лохьа суна!»**

Макки чуваьлча: «Я АллахI, баккъалла а, хIара хьаьрма Хьан хьаьрма ю-кха, хIара мохк а Хьан мохк бу-кха, кхузахь йолу кхерамазалла а Хьан

кхерамазалла ю-кха, лай а Хьан лай ву-кха, генарчу мехкашкара веана-кха со Хьуна тIе, дуккха къинош а, вуон Iамалш а йохьуш, Ахьа жоп ца делча дан амал доцучеран дехаре терра доьху аса Хьога, Хьан Iазапах кхоьручеран доIане терра долу, мелла а цIенна Хьо суна къинтIера валарца Ахьа со кху Маккахь тIелацар а, Ахьа Хьайн шуьйрачу ялсамани чу сой вахийтар а доьху аса Хьоьга, ниIмате йолчу ялсамани чу. Я АллахI, баккъалла а, хIара хьаьрма Хьан хьаьрма ю, Хьан Элчанан а хьаьрма ю, сан дилха а, сан цIий а, сан даьIахкаш а жоьжахатина хьарам ехьа. Я АллахI, Айхьа Хьайн леш гIовтточу дийнахь Хьайн Iазапах Iалашвехьа со. Аса доьху Хьоьга, Хьо АллахI хилар бахьана долуш, Хьо воцург кхин дела а воцуш, къинхетамеверг, сов тIех къинхетамеверг а ву Хьо. Ахь къинхетам бар а, паргIато яр а доьху аса Хьоьга Мухьаммадах а, цуьнан доьзалех а, - даиманна йолу, дуккха а йолу паргIато».

**Ассалам цIе йолчу неIарх чоьхьаволуш:**

Я АллахI, маьрша Ву-кх Хьо, Хьоьгара ю-кх маршо а, тхо декъалдехьа, хIай тхан Дела, маршонца; тхо ялсамани чу а дахийтахьа – маршонан хIусаме, беркате Ву-кха Хьо, Лекха-Сийлахьа а Ву-кха Хьо, хIай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахI, Хьайн къинхетаме а, гечдаран а неIарш дIа а еллий суна, тIаккха со цу чу вахийтахьа.

«Бисмилла́хI – АллахIан ЦIарца, вальхьамду лилла́хI – хастам бу АллахIна, вассола́ту вассала́му – АллахIера къинхетам а, маршалла а хуьлийла, Iала́ росу́лилла́хI – АллахIан Элчанна!»

Шен аьтту ког хьалха а боккхуш, чоьхьавер ву иза.

Сийлахь долчу ХьаьжцIийнах шен бIаьрг кхетча: **«Ла́ ила́хIа иллалло́хI, ла́ ила́хIа иллалло́хI, ла́ ила́хIа иллалло́хI. Алло́хIу акбар, Алло́хIу акбар, Алло́хIу акбар».**

**«Ла́ ила́хIа иллалло́хIу вахьдахIу ла́ шари́ка лахIу, лахIуль-мульку ва лахIуль-хьамду, ва хIува Iала́ кулли шай-ин къоди́р** (Цхьаъ бен воцу, Шеца накъост воцуш волу АллахI воцург дела вац, Цуьнан ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Иза массо а хIума дан ницкъ кхочуш Ву)**».**

ХIокху ХьаьжцIийнан Деле сой Iалашвар доьху ас керсталла дарх а, къелла тIеярах а, кошан Iазапах а, кийра гатбаларх а. Дала вазварца къинхетам бойла вайн эла волчу Мухьаммадах а, цуьнан доьзалех а, цуьнан асхьабех а, Цо уьш паргIат а буьтийла. Я АллахI, Хьан цIа сийлаллехь а,

лерамехь а, дозаллехь а, Хьайна герга дарехь а, даржехь айдарехь а, дикаллехь а совдаккхахьа, иштта соввакххахьа, кхуза хьаьж дина, я Іумрат дина, хІай сан Дела, цуьнан сийдинарг, цуьнан лерам бинарг, иза даздинарг, цу лайн сий дарца, лерам барца, и лай вазварца, и Хьайна герга вигарца, и даржехь хьалаваккхарца, цунна дика дарца!

## ХЬАЬЖЦІЕННА ГОНАШ ТУЬЙСУЧУ ХЕНАХЬ ДЕН ДОІАНАШ

ХьаьжцІенна ворхІ гуо боккхуш, хІара лахахь хьахийна долу доІанаш дешар дика ду:

1) Хьалхарчу гуонехь ала деза:

**«Субхьáналлóхl** (АллахІ Шеца там боцчух цІена ву)**, вальхьамду лиллáхl** (АллахІна хастам бу)**, ва лá илáхІа иллаллóхІ** (АллахІ воцург кхин дела вац)**, валлóхІу акбар** (АллахІ воккха ву)**, ва лá хьавла ва лá къуввата иллá билллáхІиль-Іалиййиль-Іазы́м** (диканна тІенисвар, вуонах дІахьовзавар а дац Сийлахь-Везчу АллахІ воцчуьнгахь)**. Вассолáту** (АллахІера къинхетам)**, вассалáму** (Цуьнгара паргІато а хуьлийла)**, Іалá росу́лиллáхІ** (АллахІан Элчанна)**. Я АллахІ, ас хІара тІаваф до Хьоьга ийман а диллина, Хьан жайна а бакъдина, Хьуна айса йина чІагІо кхочуш а еш, Хьан Пайхамаран, Хьуна дукхавезначун суннатна тІаьхьа а возуш** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**. Я АллахІ, Хьо сайна къинтера валар доьху ас Хьоьга, Ахь сайна могашалла ялар а, даима йолу паргІато ялар а, - динехь а, дуьненахь а, эхартахь а. Иштта Ахь со ялсаманица декъалвар а, жоьжахатих хьалхаваккхар а!»**

**Шина рукнанна юкъакхаьчча:**

**«Роббанá áтинá фиддунйá хьасанатав-ва филь-áхироти хьасанатав-ва къинá Іазáбаннáр** (ХІай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Іазапах лар а дехьа)».

**Мультазамна** (ХьаьжцІийнан неІарна) **тІекхаьчча:**

«Я АллахІ, хІай ХьаьжцІийнан да, тхан вортанаш а, тхан дайн, нанойн, вежарийн, доьзалийн вортанаш а жоьжахатих хьалхайитахьа, хІай сийлаллийн, комаьршонан, дозаллийн, дикадаран, хІума даларан, диканан эла. Я АллахІ, тхан берриге а белхаш диканца тобехьа, дуьненан сийсазаллех тхо Іалашдехьа, эхартахь долчу Іазапах а. Я АллахІ, баккъалла а, со Хьан лай ву-кх, Хьан лен воІ ву-кх, Хьан неІара кІел дІахІоьттина вехаш, Хьан неІаран

сагIанах тасавелла, Хьуна хьалха хьаставелла, Хьан къинхетаме сатуьйсу-кх ас, Хьан Iазапах кхоьру-кх со, хIай ширачу заманашкахь дуьйна схьа диканиг дийриг. Я АллахI, сайн цIе айар доьху ас Хьоьга, сан къа дIадаккхар а, сан болх тобар а, сан дог дIацIандар а, сан кошахь суна нур далар а, сан къинна Ахь гечдар а, ялсамани чохь долу лаккхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Сан доIина жоп лохьа, Везан Дела!»

**ИбрахIиман** (Делера салам хуьлийла цунна) **макъам йолчу кхаьчча:**

«Я АллахI, баккъалла а, Хьуна сан къайле а, тIоьхале а евза-кх, сан бехказвийлар къобалдехьа, Хьуна хаьа-кх суна оьшург хIун ду, сан дехарна жоп лохьа, соьгахь дерг а хаьа-кх Хьуна, сан къиношна гечдехьа. Я АллахI, суна сан дагах хьерчар долу ийман лохьа, баккъалла а долу билгалдар а лохьа суна, Ахьа сайна хилаяздинарг бен сайна хир доций суна хаийтархьама, Ахьа сайна деллачунна со реза а хир волуш. Хьо дуьненахь, эхартахь а сан Эла ву, бусалба а волуш дIакхалхавехьа со, эвлаяэх дIатохахьа со. Я АллахI, хIокху тхо лаьттачу меттигехь гечдаза цхьа а къа ма дитахьа тхуна тIехь, дIаайбаза ма битахьа цхьа а бала, кхочушдаза а ма дитахьа тхан цхьа а хьашт. Тхан белхаш атта бехьа, тхан дегнаш дастахьа, тхан дегнаш нуьре дехьа, тхан Iамалийн тептарш диканашца дIачIагIахьа. Я АллахI, бусалба долуш кхалхар лохьа, бусалба долуш ден а дехьа, эвлаяэх дIатохахьа тхо, сийсаз а ца деш, бале а ца лоьцуш!»

**ИсмаIилан** (Делера салам хуьлийла цунна) **хьижранна тIекхаьчча:**

«Я АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чIагIонна тIехь а, Хьан ваIданна тIехь а ву, сайн ницкъ ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Iалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, сайгарчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна гечдац Хьо воцчо. Я АллахI, ас доьху Хьоьга Хьан дикчу леша – эвлаяаша – Хьоьга дехнарг, ас Хьоьга сой ларвар а доьху Хьан дикчу леша – эвлаяаша – шаьш Хьоьга шех ларде баьхначух. Я АллахI, Хьайн хазчу цIерийн дуьхьа, Хьайн лакхарчу сифатийн дуьхьа, къематдийнахь Хьо гарна а, Хьо везарна а тхо генадохудолчу ойланех тхан дегнаш дIацIандехьа, суннатна а, цхьабартболчу бусалба нехан тобанна а, Хьайна дуьхьал кхетаре болчу сатийсамна а тIехь тхо дIа а кхалхадехьа, ХIай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахI, сан дог Iилманца нуьре дехьа, Хьайна муьтIахь хиларе дигахьа сан дегI, сан къайле питанех дIацIанъехьа, Хьайга йолчу ойлане дигахьа сан хьекъал, шайтIанах а, цо дагатуьйсучу вуочу ойланех Iалаш а вехьа со, цуьнга со эша а ца войтуш, хIай Къинхетаме верг.

Тхан Дела, баккъалла а, оха ийман дилли, тхан къиношна гечдехьа тхуна, жоьжахатин Іазапах а Іалашдехьа тхо!»

2) ШолгІачу гуонехь ала деза:

«Я АллахІ, баккъалла а, хІара ХьаьжцІа Хьан цІа ду-кха, хьаьрма а Хьан хьаьрма ю-кха, кхерамазалла а Хьан кхерамазалла ю-кха, лай а Хьан лай ву-кха, со а ву-кха Хьан лай, Хьан лен воІ, Хьоьга ша жоьжахатих Іалашвар доьхучун меттиг ю-кха хІара, тхан дилханаш а, тхан чкъор а жоьжахатина хьарам дехьа. Я АллахІ, тхуна ийман дезийтахьа, иза тхан дегнашкахь кечдехьа, тхан безам баккхахьа керсталла дарх, песакъаллех, Іесаллех, тхо нисделлачарах а дехьа. Я АллахІ, Хьайн Іазапах Іалашвехьа со Айхьа леш гІовтточу дийнахь. Я АллахІ, ялсамани лохьа суна, цхьа а хьесапдар а доцуш!»

**Шина рукнанна юкъакхаьчча:**

**«Роббана́ а́тина́ фиддунйа́ хьасанатав-ва филь-а́хироти хьасанатав-ва къина́ Іаза́баннаа́р** (ХІай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Іазапах лар а дехьа)».

**Мультазамна** (ХьаьжцІийнан неІарна) **тІекхаьчча:**

«Я АллахІ, хІай ХьаьжцІийнан да, тхан вортанаш а, тхан дайн, нанойн, вежарийн, доьзалийн вортанаш а жоьжахатих хьалхайитахьа, хІай сийлаллийн, комаьршонан, дозаллийн, дикадаран, хІума даларан, диканан эла. Я АллахІ, тхан берриге а белхаш диканца тобехьа, дуьненан сийсазаллех тхо Іалашдехьа, эхартахь долчу Іазапах а. Я АллахІ, баккъалла а, со Хьан лай ву-кх, Хьан лен воІ ву-кх, Хьан неІара кІел дІахІоьттина вехаш, Хьан неІаран сагІанах тасавелла, Хьуна хьалха хьаставелла, Хьан къинхетаме сатуьйсу-кх ас, Хьан Іазапах кхоьру-кх со, хІай ширачу заманашкахь дуьйна схьа диканиг дийриг. Я АллахІ, сайн цІе айар доьху ас Хьоьга, сан къа дІадаккхар а, сан болх тобар а, сан дог дІацІандар а, сан кошахь суна нур далар а, сан къинна Ахь гечдар а, ялсамани чохь долу лаккхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Сан доІина жоп лохьа, Везан Дела!»

**ИбрахІиман** (Делера салам хуьлийла цунна) **макъам йолчу кхаьчча:**

«Я АллахІ, баккъалла а, Хьуна сан къайле а, тІоьхале а евза-кх, сан бехказвийлар къобалдехьа, Хьуна хаьа-кх суна оьшург хІун ду, сан дехарна жоп лохьа, соьгахь дерг а хаьа-кх Хьуна, сан къиношна гечдехьа. Я АллахІ,

суна сан дагах хьерчар долу ийман лохьа, баккъалла а долу билгалдар а лохьа суна, Ахьа сайна хилаяздинарг бен сайна хир доций суна хаийтархьама, Ахьа сайна деллачунна со реза а хир волуш. Хьо дуьненахь, эхартахь а сан Эла ву, бусалба а волуш дӀакхалхавехьа со, эвлаяэх дӀатохахьа со. Я АллахӀ, хӀокху тхо лаьттачу меттигехь гечдаза цхьа а къа ма дитахьа тхуна тӀехь, дӀаайбаза ма битахьа цхьа а бала, кхочушдаза а ма дитахьа тхан цхьа а хьашт. Тхан белхаш атта бехьа, тхан дегнаш дастахьа, тхан дегнаш нуьре дехьа, тхан Ӏамалийн тептарш диканашца дӀачӀагӀахьа. Я АллахӀ, бусалба долуш кхалхар лохьа, бусалба долуш ден а дехьа, эвлаяэх дӀатохахьа тхо, сийсаз а ца деш, бале а ца лоьцуш!»

**ИсмаӀилан** (Делера салам хуьлийла цунна) **хьижранна тӀекхаьчча:**

«Я АллахӀ, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чӀагӀонна тӀехь а, Хьан ваӀданна тӀехь а ву, сайн ницкъ ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Ӏалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, сайгарчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна гечдац Хьо воцчо. Я АллахӀ, ас доьху Хьоьга Хьан дикчу леша – эвлаяаша – Хьоьга дехнарг, ас Хьоьга сой ларвар а доьху Хьан дикчу леша – эвлаяаша – шаьш Хьоьга шех ларде баьхначух. Я АллахӀ, Хьайн хазчу цӀерийн дуьхьа, Хьайн лакхарчу сифатийн дуьхьа, къематдийнахь Хьо гарна а, Хьо везарна а тхо генадохудолчу ойланех тхан дегнаш дӀацӀандехьа, суннатна а, цхьабартболчу бусалба нехан тобанна а, Хьайна дуьхьал кхетаре болчу сатийсамна а тӀехь тхо дӀа а кхалхадехьа, ХӀай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахӀ, сан дог Ӏилманца нуьре дехьа, Хьайна муьтӀахь хиларе дигахьа сан дегӀ, сан къайле питанех дӀацӀанъехьа, Хьайга йолчу ойлане дигахьа сан хьекъал, шайтӀанах а, цо дагатуьйсучу вуочу ойланех Ӏалаш а вехьа со, цуьнга со эша а ца войтуш, хӀай Къинхетаме верг. Тхан Дела, баккъалла а, оха ийман дилли, тхан къиношна гечдехьа тхуна, жоьжахатин Ӏазапах а Ӏалашдехьа тхо!»

3) КхоалгӀачу гуонехь ала деза:

«Я АллахӀ, ас Хьоьга сой Ӏалашвар доьху шеконах, Хьуна декъахо варх, дакъазаллех, мунепакъаллах, вуочу амалех, сайн дохнан а, хӀусамненан а, доьзалан а вуон гарх. Я АллахӀ, Хьо реза хилар доьху ас, иштта ялсамани ялар а, Хьоьга сой Ӏалашвар доьху ас Хьо оьгӀазвахарх а, иштта жоьжахатих а. Я АллахӀ, кошан питанах сой Ӏалашвар доьху ас Хьоьга, иштта дийначеран а, беллачеран а питанах сой Ӏалашвар доьху ас Хьоьга!»

**Шина рукнанна юкъакхаьчча:**

**«Роббана́ а́тина́ фиддунйа́ хьасанатав-ва филь-а́хироти хьасанатав-ва къина́ Iаза́банна́р** (ХIай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Iазапах лар а дехьа)».

**Мультазамна** (ХьаьжцIийнан неIарна) **тIекхаьчча:**

«Я АллахI, хIай ХьаьжцIийнан да, тхан вортанаш а, тхан дайн, нанойн, вежарийн, доьзалийн вортанаш а жоьжахатих хьалхайитахьа, хIай сийлаллийн, комаьршонан, дозаллийн, дикадаран, хIума даларан, диканан эла. Я АллахI, тхан берриге а белхаш диканца тобехьа, дуьненан сийсазаллех тхо Iалашдехьа, эхартахь долчу Iазапах а. Я АллахI, баккъалла а, со Хьан лай ву-кх, Хьан лен воI ву-кх, Хьан неIара кIел дIахIоьттина вехаш, Хьан неIаран сагIанах тасавелла, Хьуна хьалха хьаставелла, Хьан къинхетаме сатуьйсу-кх ас, Хьан Iазапах кхоьру-кх со, хIай ширачу заманашкахь дуьйна схьа диканиг дийриг. Я АллахI, сайн цIе айар доьху ас Хьоьга, сан къа дIадаккхар а, сан болх тобар а, сан дог дIацIандар а, сан кошахь суна нур далар а, сан къинна Ахь гечдар а, ялсамани чохь долу лаккхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Сан доIина жоп лохьа, Везан Дела!»

**ИбрахIиман** (Делера салам хуьлийла цунна) **макъам йолчу кхаьчча:**

«Я АллахI, баккъалла а, Хьуна сан къайле а, тIоьхале а евза-кх, сан бехказвийлар къобалдехьа, Хьуна хаьа-кх суна оьшург хIун ду, сан дехарна жоп лохьа, соьгахь дерг а хаьа-кх Хьуна, сан къиношна гечдехьа. Я АллахI, суна сан дагах хьерчар долу ийман лохьа, баккъалла а долу билгалдар а лохьа суна, Ахьа сайна хилаяздинарг бен сайна хир доций суна хаийтархьама, Ахьа сайна деллачунна со реза а хир волуш. Хьо дуьненахь, эхартахь а сан Эла ву, бусалба а волуш дIакхалхавехьа со, эвлаяэх дIатохахьа со. Я АллахI, хIокху тхо лаьттачу меттигехь гечдаза цхьа а къа ма дитахьа тхуна тIехь, дIаайбаза ма битахьа цхьа а бала, кхочушдаза а ма дитахьа тхан цхьа а хьашт. Тхан белхаш атта бехьа, тхан дегнаш дастахьа, тхан дегнаш нуьре дехьа, тхан Iамалийн тептарш диканашца дIачIагIахьа. Я АллахI, бусалба долуш кхалхар лохьа, бусалба долуш ден а дехьа, эвлаяэх дIатохахьа тхо, сийсаз а ца деш, бале а ца лоьцуш!»

**ИсмаIилан** (Делера салам хуьлийла цунна) **хьижранна тIекхаьчча:**

«Я АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чIагIонна тIехь а, Хьан ваIданна тIехь а ву, сайн ницкъ

ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Iалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, сайгарчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна гечдац Хьо воцчо. Я АллахI, ас доьху Хьоьга Хьан дикчу леша – эвлаяаша – Хьоьга дехнарг, ас Хьоьга сой ларвар а доьху Хьан дикчу леша – эвлаяаша – шаьш Хьоьга шех ларде баьхначух. Я АллахI, Хьайн хазчу цIерийн дуьхьа, Хьайн лакхарчу сифатийн дуьхьа, къематдийнахь Хьо гарна а, Хьо везарна а тхо генадохудолчу ойланех тхан дегнаш дIацIандехьа, суннатна а, цхьабартболчу бусалба нехан тобанна а, Хьайна дуьхьал кхетаре болчу сатийсамна а тIехь тхо дIа а кхалхадехьа, ХIай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахI, сан дог Iилманца нуьре дехьа, Хьайна муьтIахь хиларе дигахьа сан дегI, сан къайле питанех дIацIанъехьа, Хьайга йолчу ойлане дигахьа сан хьекъал, шайтIанах а, цо дагатуьйсучу вуочу ойланех Iалаш а вехьа со, цуьнга со эша а ца войтуш, хIай Къинхетаме верг. Тхан Дела, баккъалла а, оха йиман дилли, тхан къиношна гечдехьа тхуна, жоьжахатин Iазапах а Iалашдехьа тхо!»

4) БоьалгIачу гуонехь ала деза:

«Я АллахI, кхунах къобалхилла долу хьаьж дехьа, хастаме долу къахьегар а, гечдина дIадаьлла долу къа а, дика йолу, къобалхилла йолу Iамал а, цкъа а зендийр доцу совдегаралла а, хIай дегнашкахь дерг хуушверг, со боданашкара серлоне ваккхахьа, Я АллахI, Я АллахI, ас Хьоьга доьху Хьан къинхетам тIебохьушдерг Ахь далар, шеко йоцуш долу гечдар а, массо къинойх маьршавитар а, массочу диканан хIонс ялар а, ялсаманица декъалвар а, жоьжахатих хьалхавитар а; сан Дела, Айхьа суна деллачу рицкъанах кхачо ехьа суна, Айхьа суна деллачух беркат а дехьа суна, сан цIахь мел дисинчуьнга дика хьажахьа, я АллахI!»

**Шина рукнанна юкъакхаьчча:**

**«Роббана́ а́тина́ фиддунйа́ хьасанатав-ва филь-а́хироти хьасанатав-ва къина́ Iаза́банна́р** (ХIай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Iазапах лар а дехьа)».

**Мультазамна** (ХьаьжцIийнан неIарна) **тIекхаьчча:**

«Я АллахI, хIай ХьаьжцIийнан да, тхан вортанаш а, тхан дайн, нанойн, вежарийн, доьзалийн вортанаш а жоьжахатих хьалхайитахьа, хIай сийлаллийн, комаьршонан, дозаллийн, дикадаран, хIума даларан, диканан эла. Я АллахI, тхан берриге а белхаш диканца тобехьа, дуьненан сийсазаллех

тхо Іалашдехьа, эхартахь долчу Іазапах а. Я АллахI, баккъалла а, со Хьан лай ву-кх, Хьан лен воI ву-кх, Хьан неІара кІел дІахІоьттина вехаш, Хьан неІаран сагІанах тасавелла, Хьуна хьалха хьаставелла, Хьан къинхетаме сатуьйсу-кх ас, Хьан Іазапах кхоьру-кх со, хІай ширачу заманашкахь дуьйна схьа диканиг дийриг. Я АллахI, сайн цІе айар доьху ас Хьоьга, сан къа дІадаккхар а, сан болх тобар а, сан дог дІацІандар а, сан кошахь суна нур далар а, сан къинна Ахь гечдар а, ялсамани чохь долу лаккхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Сан доІина жоп лохьа, Везан Дела!»

**ИбрахIиман** (Делера салам хуьлийла цунна) **макъам йолчу кхаьчча:**

«Я АллахI, баккъалла а, Хьуна сан къайле а, тІоьхале а евза-кх, сан бехказвийлар къобалдехьа, Хьуна хаьа-кх суна оьшург хІун ду, сан дехарна жоп лохьа, соьгахь дерг а хаьа-кх Хьуна, сан къиношна гечдехьа. Я АллахI, суна сан дагах хьерчар долу ийман лохьа, баккъалла а долу билгалдар а лохьа суна, Ахьа сайна хилаяздинарг бен сайна хир доций суна хаийтархьама, Ахьа сайна деллачунна со реза а хир волуш. Хьо дуьненахь, эхартахь а сан Эла ву, бусалба а волуш дІакхалхавехьа со, эвлаяэх дІатохахьа со. Я АллахI, хІокху тхо лаьттачу меттигехь гечдаза цхьа а къа ма дитахьа тхуна тІехь, дІаайбаза ма битахьа цхьа а бала, кхочушдаза а ма дитахьа тхан цхьа а хьашт. Тхан белхаш атта бехьа, тхан дегнаш дастахьа, тхан дегнаш нуьре дехьа, тхан Іамалийн тептарш диканашца дІачІагІахьа. Я АллахI, бусалба долуш кхалхар лохьа, бусалба долуш ден а дехьа, эвлаяэх дІатохахьа тхо, сийсаз а ца деш, бале а ца лоьцуш!»

**ИсмаIилан** (Делера салам хуьлийла цунна) **хьижранна тIекхаьчча:**

«Я АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чІагІонна тІехь а, Хьан ваІданна тІехь а ву, сайн ницкъ ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Іалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, сайгарчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна гечдац Хьо воцчо. Я АллахI, ас доьху Хьоьга Хьан дикчу леша – эвлаяаша – Хьоьга дехнарг, ас Хьоьга сой ларвар а доьху Хьан дикчу леша – эвлаяаша – шаьш Хьоьга шех ларде баьхначух. Я АллахI, Хьайн хазчу цІерийн дуьхьа, Хьайн лакхарчу сифатийн дуьхьа, къематдийнахь Хьо гарна а, Хьо везарна а тхо генадохудолчу ойланех тхан дегнаш дІацІандехьа, суннатна а, цхьабартболчу бусалба нехан тобанна а, Хьайна дуьхьал кхетаре болчу сатийсамна а тІехь тхо дІа а кхалхадехьа, ХІай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахI, сан дог Іилманца нуьре дехьа, Хьайна муьтІахь хиларе дигахьа сан дегI, сан къайле питанех дІацІанъехьа, Хьайга

йолчу ойлане дигахьа сан хьекъал, шайтIанах а, цо дагатуьйсучу вуочу ойланех Iалаш а вехьа со, цуьнга со эша а ца войтуш, хIай Къинхетаме верг. Тхан Дела, баккъалла а, оха ийман дилли, тхан къиношна гечдехьа тхуна, жоьжахатин Iазапах а Iалашдехьа тхо!»

5) ПхоьалгIа гуо боккхуш:

«Я АллахI, Ахь хIоттийнарг бен кхин IиндагI доцчу, Хьо воцург кхин цхьа а вуьсур воцчу дийнахь, Хьайн Iаршан IиндагIе ваккхахьа со, тхан эла волчу Хьайн пайхамаран Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хин татолах хи а маладехьа суна, могашаллина дика, аьхна а долуш, и меллачул тIаьхьа цкъа а хьогалла хаалур а йоцуш. Я АллахI, ас доьху Хьоьга тхан эла волчу Хьан Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Хьоьга дехначу диканах, ас Хьоьга сой Iалашвар а доьху, тхан эла волчу Хьан Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Хьоьга ша Iалашвар дехначу вуонах. Я АллахI, ас ялсамани йоьху Хьоьга, цуьнан ниIматаш а, со цу ялсаманина гергавуьгур волу дош а, болх а, Iамал а; ас доьху Хьоьга сой жоьжахатих Iалашвар, со цунна гергавуьгуволчу дашах а, балхах а, Iамалх а Iалашвар!»

**Шина рукнанна юкъакхаьчча:**

**«Роббана́ а́тина́ фиддунйа́ хьасанатав-ва филь-а́хироти хьасанатав-ва къина́ Iаза́банна́р** (ХIай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Iазапах лар а дехьа)».

**Мультазамна** (ХьаьжцIийнан неIарна) **тIекхаьчча:**

«Я АллахI, хIай ХьаьжцIийнан да, тхан вортанаш а, тхан дайн, нанойн, вежарийн, доьзалийн вортанаш а жоьжахатих хьалхайитахьа, хIай сийлаллийн, комаьршонан, дозаллийн, дикадаран, хIума даларан, диканан эла. Я АллахI, тхан берриге а белхаш диканца тобехьа, дуьненан сийсазаллех тхо Iалашдехьа, эхартахь долчу Iазапах а. Я АллахI, баккъалла а, со Хьан лай ву-кх, Хьан лен воI ву-кх, Хьан неIара кIел дIахIоьттина вехаш, Хьан неIаран сагIанах тасавелла, Хьуна хьалха хьаставелла, Хьан къинхетаме сатуьйсу-кх ас, Хьан Iазапах кхоьру-кх со, хIай ширачу заманашкахь дуьйна схьа диканиг дийриг. Я АллахI, сайн цIе айар доьху ас Хьоьга, сан къа дIадаккхар а, сан болх тобар а, сан дог дIацIандар а, сан кошахь суна нур далар а, сан къинна Ахь гечдар а, ялсамани чохь долу лаккхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Сан доIина жоп лохьа, Везан Дела!»

**ИбрахIиман** (Делера салам хуьлийла цунна) **макъам йолчу кхаьчча:**

«Я АллахI, баккъалла а, Хьуна сан къайле а, тIоьхале а евза-кх, сан бехказвийлар къобалдехьа, Хьуна хаьа-кх суна оьшург хIун ду, сан дехарна жоп лохьа, соьгахь дерг а хаьа-кх Хьуна, сан къиношна гечдехьа. Я АллахI, суна сан дагах хьерчар долу ийман лохьа, баккъалла а долу билгалдар а лохьа суна, Ахьа сайна хилаяздинарг бен сайна хир доций суна хаийтархьама, Ахьа сайна деллачунна со реза а хир волуш. Хьо дуьненахь, эхартахь а сан Эла ву, бусалба а волуш дIакхалхавехьа со, эвлаяэх дIатохахьа со. Я АллахI, хIокху тхо лаьттачу меттигехь гечдаза цхьа а къа ма дитахьа тхуна тIехь, дIаайбаза ма битахьа цхьа а бала, кхочушдаза а ма дитахьа тхан цхьа а хьашт. Тхан белхаш атта бехьа, тхан дегнаш дастахьа, тхан дегнаш нуьре дехьа, тхан Iамалийн тептарш диканашца дIачIагIахьа. Я АллахI, бусалба долуш кхалхар лохьа, бусалба долуш ден а дехьа, эвлаяэх дIатохахьа тхо, сийсаз а ца деш, бале а ца лоьцуш!»

**ИсмаIилан** (Делера салам хуьлийла цунна) **хьижранна тIекхаьчча:**

«Я АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чIагIонна тIехь а, Хьан ваIданна тIехь а ву, сайн ницкъ ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Iалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, сайгарчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна гечдац Хьо воцчо. Я АллахI, ас доьху Хьоьга Хьан дикчу леша – эвлаяаша – Хьоьга дехнарг, ас Хьоьга сой ларвар а доьху Хьан дикчу леша – эвлаяаша – шаьш Хьоьга шех ларде баьхначух. Я АллахI, Хьайн хазчу цIерийн дуьхьа, Хьайн лакхарчу сифатийн дуьхьа, къематдийнахь Хьо гарна а, Хьо везарна а тхо генадохудолчу ойланех тхан дегнаш дIацIандехьа, суннатна а, цхьабартболчу бусалба нехан тобанна а, Хьайна дуьхьал кхетаре болчу сатийсамна а тIехь тхо дIа а кхалхадехьа, ХIай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахI, сан дог Iилманца нуьре дехьа, Хьайна муьтIахь хиларе дигахьа сан дегI, сан къайле питанех дIацIанъехьа, Хьайга йолчу ойлане дигахьа сан хьекъал, шайтIанах а, цо дагатуьйсучу вуочу ойланех Iалаш а вехьа со, цуьнга со эша а ца войтуш, хIай Къинхетаме верг. Тхан Дела, баккъалла а, оха ийман дилли, тхан къиношна гечдехьа тхуна, жоьжахатин Iазапах а Iалашдехьа тхо!»

6) ЙолхалгIа гуо боккхуш:

«Я АллахI, вайшинна юкъахь а долуш, сан Хьуна дIадала дезаш дуккха а хьакъ ду-кх, иштта суна а, Хьан халкъана а юкъахь дIадала дезаш а ду-кха

сан дуккха а хьакъ, Я АллахI, царах Хьайна долчу декъана суна гечдехьа, ткъа Хьан халкъана дерг дIадала суна ницкъ лохьа, Хьайн сийлаллин дуьхьа, Хьайн хьаналчу рицкъанца кхачо ехьа суна хьарамчух ларвеш, Хьайна муьтIахь хиларх а кхачо ехьа суна, Хьайна Iеса хиларх Iалашвеш, Хьайгара йоцчу комаьршоне хьашт долуш а ма вехьа со, хIай гечдар шорта дерг. Я АллахI, баккъалла а, Хьан цIа доккха ду, Хьо кIеда-мерза, лераме, сийлахь, къинтIера валар дезаш а ву, суна къинтIера валахьа!»

**Шина рукнанна юкъакхаьчча:**

**«Роббана́ а́тина́ фиддуни́а́ хьасанатав-ва филь-а́хироти хьасанатав-ва къина́ Iаза́банна́р** (ХIай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Iазапах лар а дехьа)».

**Мультазамна** (ХьаьжцIийнан неIарна) **тIекхаьчча:**

«Я АллахI, хIай ХьаьжцIийнан да, тхан вортанаш а, тхан дайн, нанойн, вежарийн, доьзалийн вортанаш а жоьжахатих хьалхайитахьа, хIай сийлаллийн, комаьршонан, дозаллийн, дикадаран, хIума даларан, диканан эла. Я АллахI, тхан берриге а белхаш диканца тобехьа, дуьненан сийсазаллех тхо Iалашдехьа, эхартахь долчу Iазапах а. Я АллахI, баккъалла а, со Хьан лай ву-кх, Хьан лен воI ву-кх, Хьан неIара кIел дIахIоьттина вехаш, Хьан неIаран сагIанах тасавелла, Хьуна хьалха хьаставелла, Хьан къинхетаме сатуьйсу-кх ас, Хьан Iазапах кхоьру-кх со, хIай ширачу заманашкахь дуьйна схьа диканиг дийриг. Я АллахI, сайн цIе айар доьху ас Хьоьга, сан къа дIадаккхар а, сан болх тобар а, сан дог дIацIандар а, сан кошахь суна нур далар а, сан къинна Ахь гечдар а, ялсамани чохь долу лаккхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Сан доIина жоп лохьа, Везан Дела!»

**ИбрахIиман** (Делера салам хуьлийла цунна) **макъам йолчу кхаьчча:**

«Я АллахI, баккъалла а, Хьуна сан къайле а, тIоьхале а евза-кх, сан бехказвийлар къобалдехьа, Хьуна хаьа-кх суна оьшург хIун ду, сан дехарна жоп лохьа, соьгахь дерг а хаьа-кх Хьуна, сан къиношна гечдехьа. Я АллахI, суна сан дагах хьерчар долу ийман лохьа, баккъалла а долу билгалдар а лохьа суна, Ахьа сайна хилаяздинарг бен сайна хир доций суна хаийтархьама, Ахьа сайна деллачунна со реза а хир волуш. Хьо дуьненахь, эхартахь а сан Эла ву, бусалба а волуш дIакхалхавехьа со, эвлаяэх дIатохахьа со. Я АллахI, хIокху тхо лаьттачу меттигехь гечдаза цхьа а къа ма дитахьа тхуна тIехь, дIаайбаза ма битахьа цхьа а бала, кхочушдаза а ма дитахьа тхан цхьа а хьашт. Тхан белхаш атта бехьа, тхан дегнаш дастахьа, тхан дегнаш нуьре дехьа, тхан

Iамалийн тептарш диканашца дIачIагIахьа. Я АллахI, бусалба долуш кхалхар лохьа, бусалба долуш ден а дехьа, эвлаяэх дIатохахьа тхо, сийсаз а ца деш, бале а ца лоьцуш!»

**ИсмаIилан** (Делера салам хуьлийла цунна) **хьижранна тIекхаьччa:**

«Я АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чIагIонна тIехь а, Хьан ваIданна тIехь а ву, сайн ницкъ ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Iалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, сайгарчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна гечдац Хьо воцчо. Я АллахI, ас доьху Хьоьга Хьан дикчу леша – эвлаяаша – Хьоьга дехнарг, ас Хьоьга сой ларвар а доьху Хьан дикчу леша – эвлаяаша – шаьш Хьоьга шех ларде баьхначух. Я АллахI, Хьайн хазчу цIерийн дуьхьа, Хьайн лакхарчу сифатийн дуьхьа, къематдийнахь Хьо гарна а, Хьо везарна а тхо генадохудолчу ойланех тхан дегнаш дIацIандехьа, суннатна а, цхьабартболчу бусалба нехан тобанна а, Хьайна дуьхьал кхетаре болчу сатийсамна а тIехь тхо дIа а кхалхадехьа, ХIай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахI, сан дог Iилманца нуьре дехьа, Хьайна муьтIахь хиларе дигахьа сан дегI, сан къайле питанех дIацIанъехьа, Хьайга йолчу ойлане дигахьа сан хьекъал, шайтIанах а, цо дагатуьйсучу вуочу ойланех Iалаш а вехьа со, цуьнга со эша а ца войтуш, хIай Къинхетаме верг. Тхан Дела, баккъалла а, оха ийман дилли, тхан къиношна гечдехьа тхуна, жоьжахатин Iазапах а Iалашдехьа тхо!»

7) ВорхIалгIа гуо боккхуш:

«Я АллахI, ас Хьоьга доьху сайна дуьззина долу ийман далар, бакъ долу билгалдар а далар, шортта долу рицкъа, Делах кхоьруш долу дог, Дела хьехош зуькар до мотт, цIена долу хьаналдерг, даггара долу дохковалар, валале тоба дар, лечу хенахь паргIато, веллачул тIаьхьа гечдар а, къинхетам бар а, хьесап дечу хенахь къинтIера валар, ялсаманица декъалвар, жоьжахатих Iалашвар, Хьайн къинхетамца кхочушдехьа сан дехарш, хIай даима тоьллаверг, хIай даима гечдешверг, сан Дела, Iилманехь соввакххахьа со, дикачу нахах, эвлаяэх тохахьа со!»

**Шина рукнанна юкъакхаьчча:**

**«Роббанá áтинá фиддунйá хьасанатав-ва филь-áхироти хьасанатав-ва къинá Iазáбаннáр** (ХIай тхан Дела, Ахьа тхуна дуьненахь а диканиг лохьа, эхартахь а диканиг лохьа, тхо жоьжахатин Iазапах лар а дехьа)».

**Мультазамна** (ХьаьжцIийнан неIарна) **тIекхаьчча:**

«Я АллахI, хIай ХьаьжцIийнан да, тхан вортанаш а, тхан дайн, нанойн, вежарийн, доьзалийн вортанаш а жоьжахатих хьалхайитахьа, хIай сийлаллийн, комаьршонан, дозаллийн, дикадаран, хIума даларан, диканан эла. Я АллахI, тхан берриге а белхаш диканца тобехьа, дуьненан сийсазаллех тхо Iалашдехьа, эхартахь долчу Iазапах а. Я АллахI, баккъалла а, со Хьан лай ву-кх, Хьан лен воI ву-кх, Хьан неIара кIел дIахIоьттина вехаш, Хьан неIаран сагIанах тасавелла, Хьуна хьалха хьаставелла, Хьан къинхетаме сатуьйсу-кх ас, Хьан Iазапах кхоьру-кх со, хIай ширачу заманашкахь дуьйна схьа диканиг дийриг. Я АллахI, сайн цIе айар доьху ас Хьоьга, сан къа дIадаккхар а, сан болх тобар а, сан дог дIацIандар а, сан кошахь суна нур далар а, сан къинна Ахь гечдар а, ялсамани чохь долу лаккхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Сан доIина жоп лохьа, Везан Дела!»

**ИбрахIиман** (Делера салам хуьлийла цунна) **макъам йолчу кхаьчча:**

«Я АллахI, баккъалла а, Хьуна сан къайле а, тIоьхале а евза-кх, сан бехказвийлар къобалдехьа, Хьуна хаьа-кх суна оьшург хIун ду, сан дехарна жоп лохьа, соьгахь дерг а хаьа-кх Хьуна, сан къиношна гечдехьа. Я АллахI, суна сан дагах хьерчар долу ийман лохьа, баккъалла а долу билгалдар а лохьа суна, Ахьа сайна хилаяздинарг бен сайна хир доций суна хаийтархьама, Ахьа сайна деллачунна со реза а хир волуш. Хьо дуьненахь, эхартахь а сан Эла ву, бусалба а волуш дIакхалхавехьа со, эвлаяэх дIатохахьа со. Я АллахI, хIокху тхо лаьттачу меттигехь гечдаза цхьа а къа ма дитахьа тхуна тIехь, дIаайбаза ма битахьа цхьа а бала, кхочушдаза а ма дитахьа тхан цхьа а хьашт. Тхан белхаш атта бехьа, тхан дегнаш дастахьа, тхан дегнаш нуьре дехьа, тхан Iамалийн тептарш диканашца дIачIагIахьа. Я АллахI, бусалба долуш кхалхар лохьа, бусалба долуш ден а дехьа, эвлаяэх дIатохахьа тхо, сийсаз а ца деш, бале а ца лоьцуш!»

**ИсмаIилан** (Делера салам хуьлийла цунна) **хьижранна тIекхаьчча:**

«Я АллахI, Хьо сан Дела ву, Хьо воцург дела вац, Ахь со кхоьллина, со Хьан лай ву, со Хьан чIагIонна тIехь а, Хьан ваIданна тIехь а ву, сайн ницкъ ма-кхоччу. Ас Хьоьга сой Iалашвар доьху айса динчу вуонах. Ахьа сайна динчу диканна къера ву со, сайгарчу къинна а къера ву со, суна гечдехьа, къиношна гечдац Хьо воцчо. Я АллахI, ас доьху Хьоьга Хьан дикчу леша – эвлаяаша – Хьоьга дехнарг, ас Хьоьга сой ларвар а доьху Хьан дикчу леша – эвлаяаша – шаьш Хьоьга шех ларде баьхначух. Я АллахI, Хьайн хазчу

цIерийн дуьхьа, Хьайн лакхарчу сифатийн дуьхьа, къематдийнахь Хьо гарна а, Хьо везарна а тхо генадохудолчу ойланех тхан дегнаш дIацIандехьа, суннатна а, цхьабартболчу бусалба нехан тобанна а, Хьайна дуьхьал кхетаре болчу сатийсамна а тIехь тхо дIа а кхалхадехьа, ХIай сийлаллин а, комаьршонан а Эла. Я АллахI, сан дог Iилманца нуьре дехьа, Хьайна муьтIахь хиларе дигахьа сан дегI, сан къайле питанех дIацIанъехьа, Хьайга йолчу ойлане дигахьа сан хьекъал, шайтIанах а, цо дагатуьйсучу вуочу ойланех Iалаш а вехьа со, цуьнга со эша а ца войтуш, хIай Къинхетаме верг. Тхан Дела, баккъалла а, оха ийман дилли, тхан къиношна гечдехьа тхуна, жоьжахатин Iазапах а Iалашдехьа тхо!»

ХIара ворхI тIаваф дина ваьлча, Макъам ИбрахIиман тIехьа дIа а хIоьттина, тIаваф ши ракаIат (ши бисмалла, цхьа этхьаг а доьшуш) суннат ламаз дийр ду, шена аьтту болччу а ваьлла: «Ас нийййат ди, тIаваф даран ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллóхIу акбар». И ламаз дина ваьлча, шена луъург доьхуш доIа дийр ду.

**Замзам хи молучу хенахь:**

«Я АллахI, ас Хьоьга доьху пайден долу Iилма далар, шорта долу рицкъа далар а, массо лазарна, цамгарна а дарба дар а, Хьайн къинхетамца лохьа, хIай уггаре Къинхетаме верг!»

## САIЙЮ ДАР

Софа лам тIе а вахана, эр ду:

«Ас хIара саIйу дIадоладо АллахIа а, Цуьнан Элчано а долийначунна тIера. Баккъалла а, Софа а, Марват а Делан динан билгалонех ши билгало ю. ХьаьжцIенна тIе хьаьж дечо, я Iумрат дечо цу шина ломана юкъахь дIасавахарца тIаваф дарх къа дац. Делан дуьхьа диканехь шеггара соввааьлларг, баккъалла а АллахI ву Iамал къобал еш, массо а хIума хууш».

Цул тIаьхьа Софа лома тIе хьала а ваьлла, эр ду: «АллóхIу акбар, АллóхIу акбар, АллóхIу акбар, ва лиллáхIиль хьамду».

СаIйу деш ворхIазза дIасагIур ву.

## САIЙУ ДИНА ВАЬЛЧА ДЕН ДОIА

«Сан Дела, тхоьгара къобалдехьа, тхо маьрша дехьа, тхуна къинтIера валахьа, Хьайна муьтIахь хила а, Хьайна хастам бан а тхуна гIо дехьа, Хьой

воцчуьнга тасий ма дитахьа тхо, кхоччуш дуьззина долчу иийманна а, исламна а тIехь дIакхалхадехьа тхо, Хьой тхуна реза а волуш. Я АллахI, гуттаренна а Iесаллаш йитийтарца сох къинхетам бехьа, Айхьа со дийна мел вуьту. Сох къинхетам бехьа сайна оьшуш доцург суна тIедегарх, Хьой суна реза хилар а лохьа суна, хIай уггаре а Къинхетаме верг!»

## IАРАФАТЕХЬ ДОIА ДАР

Iарафатехь мелла а дукха доIанаш дан деза.

«Ла́ ила́хIа иллалло́хIу вахьдахIу ла́ шари́ка лахIу, лахIуль-мульку ва лахIуль-хьамду, ва хIува Iала́ кулли шай-ин къоди́р. Я АллахI, Хьуна хастам бу, оха ма-аллара болу а, оха олучул диках болу а, Я АллахI, Хьуна ду аса деш долу ламаз, сан Iибадат а, сан дахар а, сан валар а, Хьоьга ду сан верзар а, Хьуна ду, хIай сан Дела, сан ирс а, Я АллахI, ас Хьоьга сой Iалашвар доьху мохо дохьучу вуонах!»

### Муздалифатехь ден доIа:

«Я АллахI, аса доьху Хьоьга, Ахьа кху меттигехь суна дерриге а диканаш далар, сан берриге а белхаш тобар а, мел долу вуонаш сох дIахьовзор а, Хьо воцчуьнга далур дац иза, Хьо бен цу тIехь комаьрша а хир вац».

Муздалифатехь кегий тIулгаш лахьор ду (49 тIулг хила беза).

### Минахь ден доIа:

<u>ГIурбанаш дойучу дийнахь</u>: «Хастам бу АллахIна, могуш а, маьрша а волуш со кху Мина схьавалийначу. Я АллахI, хIара Мина ю-кх, со кхуза веана-кха, со Хьан лай ву-кха, Хьан Iуналлехь а ву-кха, аса доьху Хьоьга хIара Мина бахьана долуш Айхьа Хьайн эвлаяашна дина долу дика дехьа суна. Я АллахI, дин доцуш висарх а, динехь балане лацарх а сой Iалашвар доьху ас Хьоьга, хIай уггаре а Къинхетаме верг».

## МАДИНАТЕ ЗИЯРТЕ ВАХЧА ДЕШ ДОЛУ ДОIАНАШ

Мадинатерчу маьждиган неIаре ша ма-кхаьчча, шен аьтту ког хьалха а боккхуш, хIара доIа а деш чоьхьавер ву иза: «Везчу АллахIе доьху аса, Цуьнан сийлахьчу юьхьан дуьхьа, Цуьнан хаддаза долчу пачхахьаллин дуьхьа, тIулгаш а детташ, эккхийна лелош долчу шайтIанах сой Iалашвар.

АллахIан цIарца, къинхетам а, маршалла а хуьлийла АллахIан Элчанна. Я АллахI, сан къиношна гечдехьа, Хьайн къинхетаман неIарш а дIаеллахьа суна».

Маьждиг чу ваьлча, ялсаманин беш йолчохь маьждиган хьурматан ши ракаIат (ши бисмалла а, цхьа этхьиг а доьшуш) суннат ламаз дийр ду цо, цигахь и дан аьтту бацахь, шен кадаьллачохь дийр ду (Ас ниййат ди, маьждиган хьурматан ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, Алло́хIу акбар).

ТIаккха Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) коша тIе а хIоьттина, эр ду цо: «Салам-маршалла хуьлийла хьуна, хIай Делан Пайхамар, салам-маршалла хуьлийла хьуна, хIай Делан дика, салам-маршалла хуьлийла хьуна, хIай Iаламийн Делан дика, Дала шен умматах пайхамарна а, элчанна а бинчу диканан бекхамех уггаре беза болу диканан бекхам бойла хьуна. Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин дела вац аьлла, Ша цхьаъ ву Иза, Шена декъахо а воцуш. Ас тоьшалла до, хьо Цуьнан халкъах волу Цуьнан лай а, Цуьнан Элча а ву аьлла. Ас тоьшалла до, ахьа элчаналла дIакхачийна хиларна, тешам кхочушбина хиларна, умматна хьехам бина хиларна, Делан хьокъехь дан ма-деззара ахьа гIазот дина хиларна».

Цул тIаьхьа аьтту агIор, Абу Бакаран (Дела реза хуьлийла цунна) каш долчухьа а ваьлла, цо эр ду: «Салам-маршалла ду хьоьга, хIай Абу Бакар Сыддикъ».

Цул тIаьхьа аьтту агIор, Iумар бин ХаттIабан (Дела реза хуьлийла цунна) каш долчухьа а ваьлла, цо эр ду: «Салам-маршалла ду хьоьга, хIай ХаттIабан воI Iумар».

ТIаккха шена дIахIотта я охьахаа меттиг а нисйина, цигахь къилбехьа а вирзина, шена деззарг доьхур ду цо шена а, шен гергарчарна а, доьзална а, бусалба нахана а.

Маьждига чуьра ша араволуш, шен аьрру ког хьалха а боккхуш, хIара доIа доьшур ду цо: «АллахIан цIарца, вазварца къинхетам а, маршалла а хуьлийла АллахIан Элчанна. Я АллахI, баккъалла а, ас Хьоьга йоьху Хьан комаьршо, я АллахI, тIулгаш детташ, эккхийна лелочу шайтIанах со ларвехьа!»

Хастам бу АллахIна, Iаламийн Далла! Делера салам-маршалла хуьлийла вайн пайхамарна – Мухьаммадна!